

# Kisa ki pral genyen pou fanmiy **Moler** yo

Rejwenn nou nan reyinyon **Moler Elementary School Community Meetings** pou poze kesyon, pataje ide w yo, epi pou jwenn enfòmasyon ou bezwen sou fason lekòl nan vil Columbus yo ap envesti nan edikasyon timoun ou yo!

- Mèkredi 17 Septanm, 6:00 p.m. nan South High School, 1160 Ann St.
- Mèkredi 15 Oktòb, 6:00 p.m. nan South High School, 1160 Ann St.
- Renyon vityèl yo ap detèmine (TBD)

## **Novanm ak Desanm 2025**

Yap voye imel pou ou, **pou fè w konnen ki nouvo adrès lekòl lokal ou.**

- Yap ofriw vizit familyal nan nouvo lekòl lokal ou.
- Enfomasyon yo pral jwenn ou sou chwa lekol ou prefere (vle) an.

## **Janvye 2026**

**Chwa preferensyel lekòl yo ap ouve 5-30 janvye** pou fanmiy ki vle enskri nan lot lekòl olye sa yo ladan 1 lan.

## **Fevriye a Avril 2026**

- Opòtinité pou ou ak pitit ou pou ou rive konnen nouvo kay lekol ou a, pwofesè, direktè ak kominate a.

## **Me ak Jwen 2026**

- Manm fanmi ak kominate yo, pral gen chans pou onore bilding Moler a, estaf, ak kominate a pou yon dènye fwa.

## **Out ak Septanm 2026**

- Byenvini ankò! Elèv pral kòmanse nan nouvo lekòl lan.

Nap fè fanmi ou konnen avan poz ivè a, nan ki nouvo lekòl yo prale, espere ke li pral youn nan de lekòl sa yo:

**Lincoln Park - Livingston**

# *Enfòmasyon enpòtan pou fanmi*

# Moler yo

## Sak ap pase?

Aprè plis ke 70 ane ap sèvi plizyè mil elèv, **Moler Elementary pral fèmen nan fen ane 2025-2026 lan.** Se yon testaman pou lanmou ak swen kominote a kote bilding sa te jwenn opòtinite pou sèvi kom yon sanktyè pou edikasyon ak koneksyo pou avwazinant lan pandan plizyè jenerasyon.

Lekol nan vil Columbus yo angaje l pou l fè tranzisyon sa pi fasil ke posib ou elev ak fanmi yo , pa gen enteripsyon pou pakou edikasyon timoun ou yo. Nan mwa kap vini yo **nou pral trvay avek ou pou nou asire yon byenvini chalere nan prochen fanmiy lekol ou a**

## Poukisa fèmen Moler?

Apre mn fin tandew fanmi yo avek fos angaje piblik la pou revize kondisyon bilding yo, kou mentenans yo ogmante inegalite nan pwogram akademik yo, Komite lekol nan vil columbus yo deside retire plizyè ansyen kay lekòl ki aje pamí yo ou jwenn Moler.

Pandan nap respekte memwa ke asyen bilding sa yo kenbe, sit sa ki femen an vin tro chè pou mentnans ak operasyon. Fenti sa ap pemet distri a ofri elev yo yon meye kalite program, teknoloji ak sevis kew ap ka jwenn selman nan nouvo bilding renovle nou yo. Le nou femen ansyen bilding yo nou maksimize resous nou yo pou n fe si ke elev nou yo ap aprann nan yo fasilité ki rive satisfie bezwen bezwen yap genyen nan fiti yo.

## Kisa sa vle di pou pitit ou an?

Komansman nouvel ane lekol la, pitit ou a pra l lekol nan yon nan lekol nan vwazinaj la, baze sou jan kat jeyografi a bay li. Nap komans e pwosesus la kounya pou nou ka detemine opsyon pou famiy yo selon ide yo, **e ou ka fe pati pwosesus sa a pandan ke wap swiv reyinyon piblik kap vini yo.** Nap kontinye pataje mizajou yo nan wabsit realiman lekol yo la:  
[tinyurl.com/SchoolsRealign](http://tinyurl.com/SchoolsRealign).